

**ANALISIS HARTOS KIAS DINA GAYA BASA CARPON PILIHAN KOMPAS  
TAUN 2019 SARTA PAMANGPAATANA KA BAHAN AJAR PIKEUN  
MURID KELAS XI SMA**

*ku*

**Indra Bahari  
NIM 175030096**

**RINGKESAN**

*Panalungtikan ieu miboga tujuan kanggo milari hartos kias dina gaya basa nalika anu kaeusi dina kumpulan carpon Pilihan Kompas taun 2019 ku cara nganalisis sarta ngamangpaatkeun kenging analisis kasebat janten salah sahiji alternatif bahan ajar pikeun murid kelas XI SMA. Panalungtikan ieu mangrupa panalungtikan deskriptif. Panalungtikan deskriptif nyaeta panalungtikan anu ngadeskripsikeun kenging analisisna ku cara naratif. Asal data dina analisis ieu nyaeta buku kumpulan carpon Pilihan Kompas taun 2019 sarta sababaraha buku penunjang panalungtikan. Kenging analisis carpon ieu nembongkeun kiasan simile atawa perumpamaan, metafora, alegori, parabel, fabel, personifikasi, alusi, eponim, epitet, sinekdoke, metonimia, antonomasia, hipalase, ironi, sinisme, sarkasme, satire, sarta inuendo. Kiasan anu paling seueur dianggo dina kumpulan carpon Pilihan Kompas taun 2019 ieu teh nyaeta simile atawa parumpamaan, nyaeta saloba 67 kiasan sarta metafora saloba 52 kiasan. Kenging analisis ieu salajengna disaluyukeun kalawan tungtutan kurikulum, nyaeta dina Kompetensi Inti sarta Kompetensi Dasar, sarta didamel hiji produk bahan ajar kanggo panunjang pangajaran pikeun Murid Kelas XI SMA. Dina skripsi ieu atos didamel bahan ajar nu mangrupi Modul anu atos dipeunteun ku validator sarta pakakas pangajaran lianna ngawengku RPP, Silabus, Media, LKPD, sarta Pretes sareung Posttest.*

*Kecap Konci: Analisis, hartos kias, gaya basa, carpon, bahan ajar*